



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI BRANCH NAN DIREKSYON LÈS NAN NOUVO PON GOVERNOR MARIO M. CUOMO AN

Toulède Branch nan Pon Ikonik lan Pwograme pou Ouvri Totalman pou Sikilasyon nan Samdi 8 Septanm - Atan, San Depase Bidjè a

Yo Pral Chanje Sikilasyon nan Direksyon Lès lan pou Ale nan Nouvèl Branch lan Pandan Nwit nan Aswè a

Nouvo Kwazman an se Premye Pon Ki Sipòte ak Kab sou Rivyè Hudson

Videyo sou Peryòd Tan nan Konstwiksyon Pon an Disponib [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti branch nan direksyon lès nan nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo a, yon kwazman ikonik ki den doub branch ki sipòte ak kab ki ap relye konte Westchester ak Rockland. Pwojè 3.98 milya dola pou konstwi pon ki mezire 5 kilomèt la — premye pon ki sipòte ak kab atravè Rivyè Hudson — epi enstalasyon oksilyè li yo se youn nan pi gwo pwojè Etazini yo ak pi gwo pwojè nan istwa Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority). Operasyon yo pou chanje kat wout nan sikilasyon nan direksyon Westchester pou ale nan nouvèl branch lan pral kòmanse bò anviwon 8:00 p.m. aswè a, si metewo a pèmèt li, ak premye machin yo ki ap travèse byen bonè nan Samdi.

Gouvènè a te selebre ouvèti nouvo pon an ak plizyè santèn dinyitè ak manm kominotè yo ki soti nan Hudson Valley ak atravè eta a, travayè yo ki te konstwi nouvo pon an, elèv lekòl segondè yo ki soti nan Irvington ak Nyack, Bann Fanfa Tanpèt Wout (Red Storm Marching Band) Nyack High School, ak chantè-konpozitè mizik ak natif natal Konte Rockland lan Grace VanderWaal, ki te pèfòme “The Star-Spangled Banner”. An plis de revelasyon yon plak komemoratif, Gouvènè a te kondwi tou sou nouvo pon an nan yon premye vwayaj seremonyèl nan Packard 1932 Prezidan Franklin Delano Roosevelt lan.

“Gouvènman an nan pi bon efò yo ta dwe efekte chanjman, ede moun, rezoud pwoblèm, fè yon diferans. Pa nan bagay ki abstrè ak teyorik, men nan sa ki reyèl epi nan pratik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan konplete yon pwojè ki gen anplè sa a atan epi ki pa depase bidjè a, pon sa a di ke gouvènman sa a gen kapasite. Sosyete a

gen kapasite. Nou ka konfwonte pwoblèm nou yo. Nou ka rezoud pwoblèm nou yo lè nou fè li ak onètete, yon fason konstwiktif epi kolektif.”

Pwojè Pon Governor Mario M. Cuomo a ap ranplase ansyen Pon Tappan Zee ki pran retrèt ki gen 62 ane a ak de nouvel branch modèn ki sipòte ak kab - youn ki nan direksyon Rockland ak youn ki nan direksyon Westchester. Premye a, branch ki nan direksyon Rockland lan te ouvri ane pase nan yon konfigirasyon sikilasyon tanporè ki konpoze ak kat wout sikilasyon nan chak direksyon pou pèmèt konsepsyonè-konstwikte Tappan Zee Constructors (TZC) konplete konstwiksyon dezyèm branch lan nan baz ansyen pon an nan palye li yo. Nouvo pon an pral desèvi plis pase 140,000 otomobilis chak jou.

Aprè chanjman aswè a, otomobilis nan direksyon lès yo pral gen aksè a kat wout sikilasyon jeneral yo ak akotman ijans yo, epi yon wout bis ki dedike pral ouvri mwa pwochen an pou sikilasyon nan direksyon lès lan. Pwojè ki fin konplete totalman an pral gen ladan tou yon wout pou bisiklèt ak pou moun mache.

Otomobilis ki pral nan direksyon Rockland yo pral kontinye itilize kat wout aktyèl yo sou branch nan direksyon lwès lan. Nan semèn ki ap vini yo, kat wout nan sikilasyon nan direksyon lwès yo pral chanje pou ale nan bò opoze branch lan — kote sikilasyon nan direksyon lès lan te ye anvan sa — pou pèmèt konstwiksyon sou pon an pou wout bisiklèt/pyeton an ak sis vizyèl li yo.

Pon Governor Mario M. Cuomo a se premye pon ki sispandi ak kab ki pase sou Rivyè Hudson lan. Pon an gen ladan uit tou ki mezire 419 pye nan wotè ki kanpe nan yon ang senk degre, epi li gen yon total 192 kab sispansyon ki ka pakouri rive 23 kilomèt si yo ta kole yo bout pa bout. Yon pon sispandi a kab itilize kab an asye yo ranje nan yon ang pou konekte tabliye pon an ak tour vètikal ki etann byen wo sou wout la yo.

Yo te itilize plis pase 220 milyon liv asye san pou san Ameriken nan konstwiksyon pon an. Anviwon 7,000 ouvriye te kontribye jiska jodia epi 11.5 milyon èdtan travay te konsakre nan pwojè sa a.

Elabore pou dire 100 an san okenn nesosite pou fè mentnans majè, Pon Governor Mario M. Cuomo a se yonn nan pi gwo pwojè pon ki aktif yo nan nasyon an epi li se pon ki pi laj nan istwa Otorite Thruway Eta New York. Pwojè a yo rekonèt li atravè nasyon an, enkli pa ansyen Prezidan Barack Obama, ki te mete li nan tèt lis pwojè priyorite enfrastrikti enpòtan li yo.

Sou òdonans Gouvènè Cuomo, Otorite Thruway Eta New York te jere pwojè ranplasman pon an depi 2013 ak de objektif fondamantal - an premye, ouvri pon an konplètman pou sikilasyon an 2018, epi an dezyèm, konplete pon an nan oswa mwens pase montan 3.98 milya dola ki te nan bidjè a.

Delè Pwojè a

Oktòb 2011	Gouvènman federal lan ap akselere pwojè ranplasman Pon Tappan Zee an
Oktòb 2013	Premye pout asye fondasyonèl yo rive nan Rivyè Hudson

Novanm 2014	Yo te konstwi premye pilye yo
Avril 2015	Premye levye gwo gri I Lift NY
Septanm 2015	Kòmansman konstwiksyon tou yo
Novanm 2015	Yo te enstale premye pano platfòm wout lan
Desanm 2016	Yo te fin kouvri tou branch prensipal la
Avril 2017	Yo te konekte branch nan direksyon lwès lan
Out 2017	Wout nan direksyon lwès lan ouvri pou sikilasyon
Septanm 2017	Yo te konekte wout prensipal nan direksyon lès lan
Oktòb 2017	Yo te retire Pon Tappan Zee nan sèvis yo
Oktòb 2017	Demantèlman ansyen pon an kòmanse nan Rockland
Jen 2018	Yo te konekte wout nan direksyon lès lan
Jiyè 2018	Yo te enstale panèl platfòm an beton final lan
Septanm 2018	Yo te konplete wout nan direksyon lès lan

Sipète pa Gouvènè Cuomo, pwojè sa a te itilize pwosesis konstwiksyon konsepsyon-konstwiksyon an, ki ankouraje sektè prive a pou yo kreyatif nan metòd ki ap akselere tan konstwiksyon yo epi redwi depans yo. Yo ap itilize modèl sa atravè gwo pwojè enfrasitriki nan New York yo, ki gen ladan nouvo Pon Kosciuszko ki nan Vil New York lan.

Otorite Thruway Eta New York la se pwopriyete pwojè a pou ranplase Pon Tappan Zee an, epi TZC se konsòsyòm ki ap fè konsepsyon ak konstwiksyon nan nouvo pon an. Pwojè a rete alè ak sou bidjè.

An plis, pwojè a te akonpli objektif Antrepriz Biznis Dezavantaje (Disadvantaged Business Enterprise) li genyen an de 314 milyon dola ke Administrasyon Otowout Federal lan (Federal Highway Administration) te etabli.

Gouvènè Cuomo te anonse tou yon konkou k ap fèt pou kreye komisyon de eskilti anblematik atis New York pou Pon Governor Mario M. Cuomo. Rès metal ki sovgade nan Pon Retrete Tappan Zee pral disponib pou de atis ki genyen yo pou enköpore nan estrikti yo.

Y ap chwazi atis yo gras ak yon panèl plizyè etap pou egzamine pwosesis la ke ArtsWestchester ak Konsèy Atistik Rockland (Arts Council of Rockland) pral administre. Y ap mete eskilti yo nan tè espesyal ke Otorite Thruway Eta New York posede nan Tarrytown (Konte Westchester) ak South Nyack (Konte Rockland) kote pon an ki konsakre ak bisiklèt epi kote pou moun mache an 2019.

ArtsWestchester pral travay kòm direktè pwojè nan Apèl Ôf (Request for Proposals) pou atis Eta New York yo epi nan komisyon de eskilti an kolaborasyon ak Konsèy Atistik Rockland lan. Yo gen pou bay plis detay sou konkou a nan yon dat ki gen pou vini.

“Nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo an se yon prèv de investisman ak akonplisman nan enfrasitriki yo nan New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ak ouvèti toulède branch yo nan pon an, trafik sikilasyon an pral amelyore yon fason konsiderab pou chofè yo, epi pon an pral kontribiye anpil nan ekonomi zòn nan. Pwojè a

te konplete atan epi li pa depase bidjè a gras a pakèt patnè ki te travay di ki te enplike yo. Sa se yon jou istorik pou Eta New York epi pon an kanpe kòm yon ikòn pwogrè ak fòs nou.”

Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare, “Pon Governor Mario M. Cuomo ikonik lan se yon lòt pa enpòtan pou rive fè revolisyon enfrastrikti eta nou an yo, fasilite vwayaj yo pou vwayajè yo epi alimante motè ekonomik lan pou kominote yo ki nan Hudson Valley. Gouvènè Cuomo te gen alafwa vizyon ak volonte pou ranplase Pon Tappan Zee ki ap deteryore an ak yon kwazman modèn etonan ki pral sèvi koridò ekonomik enpòtan sa a nan Nòdès byen nan pwochen syèk lan”.

Jamey Barbas, ki se Direktè Pwojè New NY Bridge lan, te deklare, “Pou dezyèm fwa, nou ap ouvri yon dezyèm branch nan bèl Pon Governor Mario M. Cuomo a. Otomobilis yo pral benefisye de wout ki pi laj li yo, akotman ijans yo ak wout bis ki dedike yo, ki gen apre sa yon wout pou siklis ak pyeton yo. Nan non tout fanm ak gason ki ap travay di yo ki te travay nan pwojè sa a, mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li investè nan fiti apati modènizasyon enfrastrikti nou yo”.

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare, “Pandan plizyè ane, konstwiksyon bèl nouvo pon sa a te pi gwo pwojè enfrastrikti nan nasyon an. Nan yon moman kote wout ak pon nou yo konble, Gouvènè Cuomo ansanm ak New York te pran devan nan pwouve ke isit la nan Amerik nou ka toujou akonpli gwo bagay, epi rezoud gwo pwoblèm, si nou jis gen volonte politik pou fè sa. Ouvèti dezyèm branch lan jodi a nan Pon Gouvènè Cuomo a se yon prèv de volonte sa a, epi pou aptitud etonan mendèv nou an isit la nan New York”.

Manm Kongrè Nita Lowey te deklare, “Pon Governor Mario M. Cuomo a, yon omaj a eritaj ak akonplisman ansyen Gouvènè an, pral sèvi kòm yon pyès fondamantal enpòtan nan kominote nou an. Pandan plizyè ane, politisyen yo te plede pale sèlman sou ranplasman Pon Tappan Zee ki te dilapide an, men sou lidèchip Gouvènè Cuomo sa te chanje. Mwen fyè dèske mwen te sipòte vizyon Gouvènè Cuomo, epi poutèt mwen te ede garanti 1.6 milya dola nan finansman apati yon prè federal istorik pou fè nouvo pon sa a vin yon reyalite pou Lower Hudson Valley. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt devouman li pou pwojè vital sa a, ki pral akomode pakèt moun New York pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

Lidè Demokratik Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, “Ouvèti ofisyèl nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo a, ak wout nan direksyon Westchester yo ki ap ouvri epi vin operasyonèl yo, se yon gwo jou pou Westchester ak tout New York. Nouvo pon sa a, ki se pi gwo pwojè travay piblik nan nasyon an, pral ede redwi abouteyaj, ankouraje investisman, epi ede devlope ekonomi an pou kominote Westchester yo ak lòt kote ankò. Mwen felisite Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li dirije efò sa a epi mwen espere wè pon sa a ki ap amelyore kalite lavi nan kominote nou yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

Joanne M. Mahoney, ki se Prezidan, Konsèy Administrasyon Thruway lan, ak Chèf Egzekitif Konte Onondaga te deklare, “Pandan plizyè ane, moun New York yo te pale sou konstwiksyon yon nouvo pon pou ranplase Pon Tappan Zee ki ap degrade

a. Men anyen pa't pase. Sa te chanje sou Gouvènè Cuomo. Depi premye jou a, Gouvènè a te fè de konstwiksyon yon nouvo pon yon priyorite prensipal, transfòme mo yo an aksyon. Ak Gouvènè Cuomo ki sou volan an, nou te akselere pwojè istorik sa a pou konstwi yon pon modèn ki ta pral pote nou lwen nan fiti. Epi nou te reyalize li”.

George Latimer, Egzekitif Konte Westchester, di konsa, “Pon sa a se prèv ke gouvènman an ka akonpli chanjman reyèl pou abitan nou yo, pou kominote nou yo, ansanm ak ekonomi nou an. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te leve kanpe pou abòde yon nesesite ki enpòtan anpil epi reyalize li ak efikasite, yon fason efektif epi byen bèl. Nouvo pon modèn nan pral amelyore yon fason konsiderab vwayaj pou moun New York yo epi fasilite sikilasyon pasèl yo atravè New York, ki enkli tan livrezon ki pi rapid ak mwens depans pou biznis yo ki toupatou nan Koridò Nòdès lan (Northeast Corridor)”.

Egzekitif Konte Rockland a, Ed Day, te deklare, “Ouvèti dezyèm branch nan Pon Mario M. Cuomo a make ankò yon lòt etap fondamantal konsiderab nan efò administrasyon an ap fè pou transfòme enfrastrikti New York yo. Non sèlman moun New York ak touris yo pral kapab pwofite de yon vwayaj ki pi rapid, pi sekirize sou nouvo pon sa a, li gen potansyèl pou favorize devlopman ekonomik nan rejyon an pou plizyè dekad ki gen pou vini yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li ansanm ak tout fanm ak gason ki ap travay di yo ki te rann jou sa posib”.

Majistra Tarrytown lan, Drew Fixell te deklare, “Jodi a se reyèlman yon jou remakab pou Westchester ak tout Eta New York pandan ke nou selebre ouvèti dezyèm branch lan nan Nouvo Pon Governor Mario Cuomo a. Pon sa a pral pote avantaj enòm pou tout rejyon nou an, epi li pral ranfòse anpil sekirite, redwi anbouteyaj epi redwi polisyon. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, pèsone l li an ansanm ak plizyè milye travayè ki te rann pwojè monimantal sa a vin posib”.

Majistra South Nyack la, Bonnie Christian te deklare, “Bèl pon sa a pral kite yon enpak ki ap dire pou jenerasyon ki gen pou vini yo, fè vwayaj yo vin pi fasil, pi sekirize, epi pi konfòtab pou chofè yo. Epi pou pakèt biznis ki depann sou pon sa a pou pote pwovizyon sou mache a, nou ap investi nan avni ou epi ede ekonomi nou an pwogrese. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li dirije pwojè transfòmatif sa a soti depi nan premye jou an, epi li bay yon egzanp pou nasyon an swiv”.

Majistra Nyack lan Don Hammond te deklare, “Pandan ke lòt moun te pale pandan plizyè ane sou nesesite pou gen yon nouvo pon isit la nan Hudson Valley, Gouvènè Cuomo te poze aksyon epi reyalize li. Pon sa a se yon investisman ki nesèsè anpil nan enfrastrikti lokal nou yo, epi achèvmman nouvo Pon Mario Cuomo a pral gen yon enpak pozitif sou kominote nou an ak ekonomi rejyonal nou an pou ane ki gen pou vini yo. Mwen felisite Gouvènè a poutèt vizyon li, epi remèsye tout moun sa yo ki te travay di pou fè jodi a reyalize”.

Prezidan ak Chèf Egzekitif Pwojè nan Tappan Zee Constructors, Terry Towle, te deklare, “Ouvèti branch nan direksyon lès lan pou sikilasyon se yon etap fondamantal majè pou pwojè nou an. Sou senk dènye ane yo, ekip konsepsyonè ak konstwikte yo te fè pwogre eksepsyonèl nan youn nan pi gwo pwojè konstwiksyon yo nan peyi a. Nou

gen yon gwo ekip ki ap travay pou konstwi yon pon ikonik ki pral sèvi kominote sa pandan plizyè jenerasyon”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)